

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik analisis data, jeung léngkah ngolah data.


3.1. Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Lofland jeung Lofland dina Moleong (2007, kaca 157), sumber data utama panalungtikan kualitatif museur kana kecap jeung paripolah, sedengkeun dokumén séjénna mangrupa data tambahan. Ku kituna dina ieu panalungtikan sumber data utamana mangrupa tokoh adat (paraji), kulawarga nu boga orok, nonoman, tokoh agama, jeung bidan. Sedengkeun datana nya éta Tradisi Ngayun (paripolah) anu sumebar di tilu désa nya éta Desa Sukaraja, Desa Pasirawi, jeung Desa Purwamekar.

3.2. Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010:175) desain panalungtikan nyaéta rencana anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hiji hal anu baris dilakukeun. Desain panalungtikan mangrupa prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi ka patalékan nu aya bisa kajawab.

Ari desain panalungtikan atawa bagbagan prosés panalungtikan bisa digambarkeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.3. Méthode Panalungtikan

Nurutkeun Surakhmad (2004, kaca 131) nu dimaksud méthode nyaéta cara utama nu digunakeun pikeun ngahontal hiji tujuan, misalna pikeun nguji rangkay hipotésa, ngagunakeun téhnik sarta alat-alat nu tangtu. Cara utama éta digunakeun sanggeus panalungtik ngitung kawajaran ditilik tina tujuan panalungtikan sarta tina situasi panalungtikan.

Arikunto (2010, kaca 203) nétélakeun yén méthode panalungtikan nyaéta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana.

Dumasar kana tujuan anu baris dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun méthode *déskriptif analitik*. Nurutkeun Sukmadinata (2012, kaca 54) panalungtikan *déskriptif (descriptif research)* nya éta hiji panalungtikan anu ditujukeun pikeun ngagambarkeun kajadian nu aya boh kajadian mangsa kiwari boh mangsa bihari.

Nurutkeun Surakhmad (2004, kaca 140), méthode *déskriptif* teh mibanda ciri mandiri nyaéta (1) museur kana cara ngungkulanpasualan-pasualan nu aya dina mangsa ayeuna, jeung masalah-masalah nu actual; (2) data nu dikumpulkeun disusun, dijelaskeun, sarta dianalisa, kusabab éta, ieu méthode sok disebut méthode analitik.

Tujuan ngagunakeun métode déskriptif dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun tradisi ngayundi Kecamatan Rawamerta Kabupaten Karawang.

3.4. Wangenan Operasional

Sangkan leuwih museur, ieu di handap dijéntrékeun istilah-istilah nu aya patalina jeung judul panalungtikan, nyaéta :

- a. Tradisi Ngayunnya éta tradisi mere ngaran nu sakapeung mareng jeung prosés leupasna potongan tali puseur lantaran geus garing sarta dituturkeun ku hiji tradisi. Di sagigireun tali puseurna garing, tradisi ngayun ogé dilaksanakeun biasana tujuh poé sabada lahir.
- b. Struktural nyaéta tata hubungan antara bagian-bagian hiji karya jadi gemblenganana.
- c. Semiotik nyaéta élmu ngeunaan tanda-tanda atawa pemahaman ma'na karya sastra ngagunakeun tanda.

3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumén nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagaweanana leuwih gampang jeung hasilna bakal hadé, dina arti cermat, lengkap, sistematis sangkan hasilna leuwih gampang diolah (Arikunto, 2010, kaca 203).

Ratna (2010, kaca 247-248) nételakeun yén instrumén utama dina panalungtikan kualitatif nya éta manusa.

Dumasar kana dua pamedagan instrumen di luhur, instrumén dina ieu panalungtikan ngawengku pedoman wawancara, pedoman observasi, jeung pedoman studi dokumentasi. Ieu instrumén dipaké pikeun ngumpulkeun sakabéh informasi-informasi ti para tokoh masarakat, paraji, bidan atawa ti masarakat umum ngeunaan kajian struktural, sémiotik nu aya dina tradisi Ngayun. Sacara kaélmaan, unsur struktural jeung sémiotik bakal dikumpulkeun dumasar kana

pamadegan para ahli sastra dina buku-buku sumber paélmuan. Pikeun nguatkeun ieu panalungtikan, baris disebarkeun angkét panalungtikan ka nu geus disebutkeun di luhur.

a. Pedoman Wawancara ka Paraji

PEDOMAN WAWANCARA

PARAJI

1. Judul carita: **Tradisi Ngayun**
2. Nu nepikeun carita:
 - a. Ngaran :.....
 - b. Umur :.....
 - c. Jenis kelamin :.....
 - d. Pakasaban :.....
 - e. Pendidikan :.....
 - f. Basa nu dipake sapopoé :.....
 - g. Alamat :.....
3. Asal-usul Tradisi Ngayun:

.....

.....

.....
4. Tujuan diayakeun tradisi ngayun :.....

.....
5. Dina acara naon tradisi ngayun dilaksanakeun :.....

.....

.....
6. Fungsi carita tradisi ngayun:

- a. Baheula :.....

- b. Ayeuna :.....

7. Unsur Budaya :.....
8. Wujud Budaya :.....
9. Palaku jeung alat naon baé nu digunakeun dina tradisi ngayun :
 a. Palaku :.....

 b. Alat :.....

10. Arti/ma'na/symbol/tanda dina alat jeung palaku dina acara tradisi ngayun:.....

11. Fungsi alat jeung palaku dina upacara tradisi ngayun:

12. Prak-prakan Tradisi Ngayun :.....

Karawang,2014

.....

b. Pedoman Wawancara ka Tokoh Agama

PEDOMAN WAWANCARA
TOKOH AGAMA

1. Judul carita: **Tradisi Ngayun**
2. Nu nepikeun carita:
 - a. Ngaran :.....
 - b. Umur :.....
 - c. Jenis kelamin :.....
 - d. Pakasaban :.....
 - e. Pendidikan :.....
 - f. Basa nu dipake sapopoé :.....
 - g. Alamat :.....
3. Hal naon anu dipikawanoh ngeunaan tradisi ngayun

.....

.....

.....
4. Fungsi carita tradisi ngayun:
 - a. Baheula :.....

.....

-
- b. Ayeuna :.....
-
-
- 5. Peranan tradisi ngayun di masarakat.....
-
-
-
- 6. Patalina tradisi ngayun jeung ajaran agama
-
-
-
-

Karawang,2014

.....

c. Pedoman Wawancara ka Bidan

PEDOMAN WAWANCARA
BIDAN

- 1. Judul carita: **Tradisi Ngayun**
- 2. Nu nepikeun carita:
 - a. Ngaran :.....
 - b. Umur :.....
 - c. Jenis kelamin :.....
 - d. Pakasaban :.....
 - e. Pendidikan :.....

f. Basa nu dipake sapopoé :.....

g. Alamat :.....

3. Hal naon anu dipikawanoh ngeunaan tradisi ngayun

.....

4. Fungsi carita tradisi ngayun:

a. Baheula :.....

.....

b. Ayeuna :.....

.....

5. Peranan tradisi ngayun di masarakat.....

.....

6. Patalina tradisi ngayun jeung kaséhatan.....

.....

Karawang,2014

.....

d. Pedoman Wawancara ka Nonoman Sunda

PEDOMAN WAWANCARA
 NONOMAN SUNDA

1. Judul carita: **Tradisi Ngayun**

Uus Sugiana, 2014

TRADISI NGAYUN DI KECAMATAN RAWAMERTA KABUPATEN KARAWANG (Tilikan Struktural-Semiotik)
 Universitas Pendidikan Indonesia | \.upi.edu perpustakaan.upi.edu

2. Nu nepikeun carita:

- a. Ngaran :.....
- b. Umur :.....
- c. Jenis kelamin :.....
- d. Pakasaban :.....
- e. Pendidikan :.....
- f. Basa nu dipake sapopoé :.....
- g. Alamat :.....

3. Hal naon anu dipikawanoh ngeunaan tradisi ngayun

.....

.....

.....

4. Fungsi carita tradisi ngayun:

- a. Baheula :.....
-
-
- b. Ayeuna :.....
-
-

5. Peranan tradisi ngayun di masarakat.....

.....

.....

6. Kaayaan tradisi ngayun di jaman kiwari.....

.....

.....

Karawang,2014

.....

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik akar kecap tina tékhnikos (Yunani) nu hartina alat atawa seni ngagunakeun alat (Ratna, 2010, kaca 209). Téhnik dina ieupanalungtikan ngawengku:

- a. Téhnik obsérvasi, mangrupa téhnik dasar panalungtikan, observasi ngaisaratkeun nyatet jeung ngarekam sistématis sakabeh data ngeunaan tradisi ngayun. Téhnik observasi ngalibetkeun panalungtik sacara langsung turun ka lapangan.
- b. Téhnik wawancara, nyaéta cara-cara meunangkeun data perkara tradisi ngayun ku cara nyanghareupan langsung, ngobrol, boh antar individu jeung individu atawa individu jeung kelompok. Wawancara ditujukeun pikeun ngumpulkeun data ti para narasumber. Nrasumber dina ieu panalungtikan ngawengku paraji, tokoh masarakat, jeung bidan sarta masarakat umum.
- c. Téhnik Studi Dokuméntasi, aya hubunganna jeung sumber terahir, interaksi boga ma'na antara individu jeung individu, individu jeung kelompok, interaksi internal aya dina diri sorangan, contona hasil-hasil karya nu ilmiah atawa non ilmiah, karya seni jeung rupa-rupa bentuk séjénna. Ieu hasil panalungtikan baris didokuméntasikeun boh dina wangun foto boh dina wangun video.

Tina sababaraha téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén data dikumpulkeun kalayan sistematis ngeunaan kagiatan tradisi ngayun anu aya di masarakat. Data nu digali cukup. Hasilna ditranskrip kana wangun tulisan.

3.7 Léngkah Ngumpulkeun Data

Léngkah satuluyna nya éta ngumpulkeun data. Ieu kagiatan bisa jadi hiji patokan pikeun ngalaksanakeun kagiatan saterusna. Ieu di handap mangrupa tahapan-tahapan dina ngumpulkeun data.

- 1) Macaan buku-buku sumber nu aya paatalina jeung ieu panalungtikan;

Uus Sugiana, 2014

TRADISI NGAYUN DI KECAMATAN RAWAMERTA KABUPATEN KARAWANG (Tilikan Struktural-Semiotik)
Universitas Pendidikan Indonesia | \.upi.edu perpustakaan.upi.edu

- 2) Ngalaksanakeun observasi ka lapangan;
- 3) ngalaksanakeun wawancara jeung narasumber;
- 4) ngadokuméntasikeun hasil observasi jeug wawancara;
- 5) Néangan istilah-istilah nu aya patalina jeung Tradisi Ngayun;
- 6) Néangan unsur-nsur soial budaya dina Tradisi Ngayun;
- 7) Néangan unsur semiotik dina Tradisi Ngayun; jeung
- 8) Konsultasi ka dosén pangaping.

3.8 Téhnik Analisis Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikannyaéta téhnik *kualitatif* nu mangrupa déskripsi ngeunaan Tradisi Ngayun di Kacamatan Rawamerta Kabupaten Karawang. Arikunto, (2010, kaca 213) nétélakeun yén téhnik kualitatif nyaéta ngumpulkeun data utamana dina wangun kecap tibatan angka. Dina ngahasilkeun déskripsi carita nu rinci, analisis jeung interprétasi fenomena. Konsép anu digunakeun nyaéta niténan runtuyan acara, diteruskeun ku ngagali tanda-tanda dina komponén, alat, prosés, jeung palaku ditilik tina ma'nana jeung fungsi kagiatan dina Tradisi Ngayundi Kacamatan Rawamerta Kabupaten Karawang. Panalungtik migawé réfléksi ka informan ngeunaan ucapan, sikep, jeung ritual, népikapanggih hiji tafsiran intérsubjektif. Hasil tafsiran dikorélasikeun jeung raraga tiori nu geus diwangun pikeun manggihan hiji pamahaman runtuyan, ma`na jeung fungsi kagiatan Tradisi Ngayundi Kacamatan Rawamerta Kabupaten Karawang.

Sabada nangtukeun data, langkah satuluyna nyaéta ngolah data. Léngkah-léngkah ngolah data sakumaha anu kaunggel ieu di handap.

- 1) Mariksa jeung niténan deui prak-prakkan Tradisi Ngayun nu geus dipilih pikeun dianalisis;
- 2) Nganalisis struktur (prak-prakkan) Tradisi Ngayun dumasar kana unsur-unsur sémiotikna jeung babandinganana;
- 3) Nganalisis struktur batin Tradisi Ngayun jeung babandinganana;

4) Nganalisis unsur semiotikna nu ngawengku ikon, indeks, jeung simbol.